



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ENVESTISMAN POU AGRANDI SÈVIS TELEPRATIK POU DEPENDANS YO NAN TOUT ETA NEW YORK

Yo bay sibvansyon pou 33 founisè nan tout zòn devlopman ekonomik rejyonal yo

Sèvis telepratik yo nan tout pwogram sante konpòtmantal yo ofri mwayen pou bay swen san danje pandan pandemi COVID-19 la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sibvansyon finansman pou acha ak enstalasyon ekipman pou amelyore sèvis telepratik pou dependans yo nan tout Eta a. Kapasite telepratik yo agrandi yo asire aksè ak sèvis pou dependans enpòtan pou moun ak fanmi yo ki gendwa otreman pa t ap chèche jwenn tretman. Yo te bay finansman pou inisyativ sa a atravè Sibvansyon pou Repons kont opyoyid Eta (State Opioid Response Grant) federal la epi se Biwo Sèvis ak Sipò pou Dependans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) lan ki jere li atravè pwosesis Demann pou Pwopozisyon (Requests for Proposals) an.

"Pandan nou kontinye lite kont COVID-19, nou dwe kontinye konsantre nou tou sou fason pou nou atake epidemi opyoyid kontini sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman nan sèvis tretman pou dependans lan pral ede nou asire ke kominote ki defavorize yo genyen resous ki nesèsè pou agrandi aksè Nouyòkè yo nan sèvis ki souvan sove lavi yo pandan nou ap konbat fleyo adiksyon mòtèl la."

"Pandan moman difisil ak san presedan sa a avèk pandemi COVID-19 la, anpil moun ak fanmi anba plis estrès ak anksyete epi kèk nan yo ap lite avèk adiksyon", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, Ko-Prezidan Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid Eta a, te deklare.** "Li enpòtan kounye a plis pase jamè pou asire Nouyòkè yo genyen resous ak sèvis disponib ke yo bezwen pou ede yo. Investisman sa a pou agrandi sèvis telepratik yo nan tout Eta a pral ofri yon mwayen san danje pou bay anpil Nouyòkè swen. New York rete angaje nan efò nou ap fè pou ofri swen, sipò ak tretman moun bezwen pou viv lavi yo an sante ak san danje."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Dependans Eta New York la, Arlene González-Sánchez te deklare, "Gras a finansman sa a, founisè yo pral kapab achte ekipman ak bay sèvis sante konpòtmantal jeneral imedyatman san konpwomèt sante

yo ak sante sila yo y ap pran swen yo a. Telepratik pa te janm plis enpòtan pou peyizaj tretman depandans lan nan Eta New York".

Nan mitan pandemi COVID-19 la, yo ap itilize sèvis telepratik yo kòm yon mwayen san danje pou kenbe moun ak fanmi yo angaje nan sèvis ak sipò pou depandans yo. OASAS la te anile tanporèman sèten egzijans pou ofri telepratik pandan pandemi an. Plis pase 600 sit nan tout Eta a gen otorizasyon pou bay sèvis telepratik gras a itilizasyon teknoloji telefòn ak videyo. Yo te apwouve 500 nan pwogram sa yo rapidman atravè pwosesis anilasyon ak atestasyon telepratik nan ka ijans lan.

Yo te apwouve finansman an pou 33 founisè nan Zòn Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Zones) yo nan tout Eta New York. Yo ka itilize finansman an pou achte: Òdinatè yo, lojisyèl, ekran yo, opalè yo, òdinatè pòtab yo, klavye yo, oswa kamera entènèt yo.

Men kijan yo te bay sibvansyon yo:

<u>Konte</u>	<u>Non Founisè</u>	<u>Kantite Lajan yo te Bay</u>
Rejyon Kapital		
Albany		
New York	Promesa Camino Nuevo	15,000 dola
Santral		
Oswego	Farnham Family Services	15,000 dola
Finger Lakes		
Ontario	FLACRA	14,995 dola
Monroe	Strong Memorial Hospital	15,000 dola
Monroe	Villa of Hope	14,999 dola
Long Island		
Nassau	"Asosyasyon Fanmi ak Timoun (Family and Children's Association)"	4,627 dola
Nassau	Charles Evans Center	14,490 dola
Suffolk	Kenneth Peter's Center for Recovery/ From the Ashes	14,873 dola
Suffolk	Long Island Community Hospital/ Brookhaven Memorial	14,160 dola
Suffolk	Stony Brook Eastern Long Island Hospital	7,920 dola
Nassau	Tempo Group	14,730 dola
Mid-Hudson		
Ulster	Health Alliance of Hudson Valley Westchester County Healthcare Corporation Bridge Back	15,000 dola
Westchester	Lexington Center for Recovery	5,429 dola

Dutchess	Mid-Hudson Valley Division of Westchester Medical Center- Turning Point Outpatient	15,000 dola
Mohawk Valley		
Herkimer	Beacon Center	15,712
Oneida	Rome Memorial Hospital	15,000 dola
Vil New York		
Queens	Bleuler Psychotherapy Center	15,500 dola
Richmond	Camelot of Staten Island	15,000 dola
New York	Center for Comprehensive Health Practice	14,984 dola
New York	MIH Experience/ My Hope 2020	15,000 dola
Queens	New Horizon Counseling Center	14,938 dola
New York	NY Therapeutic Communities	15,000 dola
Queens	Outreach Development Corporation	15,000 dola
Richmond	Project Hospitality	7,430 dola
Kings	"Restorative Management Corp"	14,699 dola
Kings	Housing Works Health Services	15,000 dola
Queens	The Fortune Society	13,604 dola
North Country		
Clinton	St Joseph's Rehabilitation Center	14,300 dola
St. Lawrence	St. Lawrence County Community Services	15,000 dola
Southern Tier		
Delaware	"Alcohol and Drug Abuse Services-ADAS Delaware County Department of Health"	15,000 dola
Tompkins	Cayuga Addiction Recovery Services/Ithaca alpha House	19,725 dola
Western New York		
Chautauqua	Brooks-TLC Hospital System	12,469 dola
Erie	Evergreen Health	6,862 dola

An 2016, Gwoup Travay sou Ewoyin ke Gouvènè Cuomo te mete sou pye a, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant rekiperyasyon, klèb lojman pou jèn, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè ouvè, k ap bay evalyasyon ak rekòmandasyon pou swen imedyà. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè a swen ki pi pre kote y ap viv la.

Depi lè li antre an fonksyon, Gouvènè Cuomo te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud fleyo opyoïd la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont depandans ak prevansyon total, tretman ansanm ak sèvis rekiperyasyon. Pou konbat epidemi sa a, Gouvènè a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen

ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasan adomisil, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè a te pwopoze refòm lejislatif ak reglemantè pou pèmèt moun jwenn tretman pi rapid lè yo elimine divès restriksyon sou asirans, ansanm ak pwojè lwa pou redwi dire pifò preskripsyon pou opyoyid soti 30 jou pou vin sèt (7) jou, ak pwojè lwa pou ogmante opòtinite fòmasyon ak edikasyon pou moun ki gen otorizasyon pou preskri medikaman yo. Gouvènè Cuomo te pran mezi tou pou konbat sèvis koutye ilegal pasyan yo ak sèvis tretman twonpè pou adiksyon yo.

Gouvènè a te travay tou pou ogmante fòmasyon ak disponibilite naloksòn, k ap lakòz plis pase 420,000 moun nan Eta New York resevwa fòmasyon epi k ap ekipe ak medikaman pou ranvèsman sidozaj opyoyid la. Gras a mezi Gouvènè Cuomo te pran yo, kounye a famasi toupatou nan Eta New York yo kapab ofri naloksòn san yon preskripsyon.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou sou 7 nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize Tablodò Disponibilite Tretman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](https://www.nys.oasas.gov).

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)